ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ЛЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№80 (21.488) ● 2009 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 28, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщIэтыныжмкIэ и комиссэм и Iуэхуфа»**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м къыдигъэкIа Указ №985-УП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныр и Iуэхуфа**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщIэтыныжмкIэ и комиссэм и Iуэхуфа» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м къыдигъэкIа Указ №985-УП-м мы къыкIэлыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Указым и пункт 2-р мы къыкIэлыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщIэтыныжмкIэ и комиссэм и аппарату къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм экономикэ шынагъуэншагъэм и Iуэхуфа мкIэ и управленэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщIэтыныжмкIэ и комиссэм и аппаратым и унафащIым и къалэнхэр и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм экономикэ шынагъуэншагъэм и Iуэхуфа мкIэ и управленэм и унафащIым.»;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщIэтыныжмкIэ и комиссэм хэтхэу мы УказымкIэ къащтам:

Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

**Бесчокъуэ А.Ш.** - Федеральнэ таможнэ къулыкъум и Ипщэ таможнэ управленэм и Минераловодскэ таможнэм и Къэбэрдей-Балъкъэр таможнэ постым и унафащIыр

**Сокъур О.Хь.** - Iэпхъыбзушапхъуэхэм я IуэхуфамкIэ федеральнэ къулыкъым и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(эгъуфIыгъуэ)*

**Щоджэн М.М.** - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр;

Комиссэм кхыхэгъэкIыжын **Блий А.А.**, **Меркулов А.В.** сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2009 гъэм гъатхэпэм и 19-м*
*№37-УП*

## КЪБР-м и ныпыр Ищхъэрэ полюсым щаIэт

Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщызыгъэхьэзыра «Ищхъэрэ полюс-2009» щалэрыгъуаз экспедицэм хэтхэм «щIым и щыгуэм» щаIэтащ КъБР-м я махуэмрэ Къэбэрдей-Балъкъарымрэ я ныпхэр. Гупым я унафэщI, кхъухьлъатэхуэ гъэунэхуакIуэ Бегак Александр телефонкIэ апхуэдэ хьыбар къригъэщIащ КъБР-м хъыбарегъащIэ Iнат Iэхмэд, жылагъуэ зэгухьанысхэм я лIэужьыкIэмрэ щалэрыгъуалэм я IуэхуэхмкIэ и министр Пащты Борис.

Мылджеймэ къыщызэрагъэпэща панарктикэ экспедицэм хиубыдэу «Борнео» станцым «Ищхъэрэ полюс-2009» топосфер гъэзыхуныгъэхэр щрагъэкIуэкI. Полярник нибжьыщIэхэр, «Эволюция» кхъухьлъатэ щыкIур къагъэсэбэнур, дуней и щытыкIэм кIэлъопль. Мы проектым хэтын папщIэ къэлэIуа щыхьэ минрэ щитхум щыщу 12-м я зэфIэкIхэр Iуащхьэмахуэ лъапэрэ Байконуррэ къыщапщыгащ. Абы фыркIуаехэм ящыIэ: «Рома» франджы фирмэм. Гъуэгум зэпещIэ Европэм щынэхъ льагэ дыдэ бгым и лыжэ станцхэу «Старый кругозор» (метр 2936,6-рэ), «Мир» (метр 3500-рэ). Абы зы сыхьэтым щыуз 2400-рэ щызекIуэфынущ. Метр 1800-рэ хьу гъэзэуагъэм текIуэдэнур дакьикIи 5-рэ секунд 13-рэщ.

Псори дыдэрыщыгъуаэщи, КъБР-м и «Iуащхьэмахуэ лъапэ» бгы-лыжэ курортым зегъэужьынымкIэ программэм хэтщ кIэлъэ гъэзугухэр ухуэнри. «Азау», «Старый кругозор» станцхэр зэпызыщIэ япэ Iыхьэр лажьэу яутIыпщащ 2006 гъэм.

ЕтIуанэ Iыхьэр кхыIэрызэIуахьым теухуа гуфIэгъуэр Iэтауэ ирагъэкIуэкIащ: абы кIэрагъэблэгъащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Козак Дмитрий**, Урысейм и Олимп комитетым и унафэщI **Тягачев Леонид** сымэ. Ахэр Азау хуейм кхъуащ КъБР-м и Президент **КъанокъуэАрсен,** КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Ярин Андрей**, республикэм и Правительствэм хэтхэм щыIэгъуэ.

ГуфIэгъуэ зэIуцIэгъэ кхыщызэIуихым КъанокъуэАрсен жиIащ: «Иужь зэманыр дэ ди нэгу щокI республикэм и гъащIэм кхыщыхьу зэхъуэкIыныгъэфIхэр. Мыбы къыщыгъэIуах экономикэ, социальнэ мыхьанэ зиIэ ухуэныгъэщIэхэр. Шэч хэмылъу, апхуэдэхэм ящыщу нобэрей дауэдапщэр зытеухуари: лажьэу щедзэ Iуащхьэмахуэ дэкI гондолэ кIапсэ гъэгуэн и етIуанэ Iыхьэм.

АдэкIэ абы кхыхигъэщхьэхуакIащ мы гъэгур 2008 - 2012 гъэхэм ятещIыхьа «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу 2008 гъэм щIын зэрырагъэжьар. Проектыр гъэзэщIэным трагъэкIуэдащ республикэ бюджетым щыщу сом мелуан 270-м нэблагъэ, КъБР-м и Правительствэр жэуапткIуэу кхыIэрыувам тету, щIыхуэу къащта сом мелуан 220-рэ.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

● Хъыбарыфl

# Кризисым и нэхейкIэ

**Мэлыжьыхьым и 25-м Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкIащ кIапсэ гъуэгум и етIуанэ Iыхьэр кхыIэрызэIуахьым теухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр.**

ЦIыХУИ 8 зэрыхуэ гондолэхэр иIэу мыбы щагъэува Iэмэпсымэхэр игъэхъэзыращ кIапсэ транспорт системэхэр кхыщIэгъэкIыныжмкIэ дуней псом щыпашэхэм ящыщ «Рома» франджы фирмэм. Гъуэгум зэпещIэ Европэм щынэхъ льагэ дыдэ бгым и лыжэ станцхэу «Старый кругозор» (метр 2936,6-рэ), «Мир» (метр 3500-рэ). Абы зы сыхьэтым щыуз 2400-рэ щызекIуэфынущ. Метр 1800-рэ хьу гъэзэуагъэм текIуэдэнур дакьикIи 5-рэ секунд 13-рэщ.

Псори дыдэрыщыгъуаэщи, КъБР-м и «Iуащхьэмахуэ лъапэ» бгы-лыжэ курортым зегъэужьынымкIэ программэм хэтщ кIапсэ гъэзугухэр ухуэнри. «Азау», «Старый кругозор» станцхэр зэпызыщIэ япэ Iыхьэр лажьэу яутIыпщащ 2006 гъэм.

ЕтIуанэ Iыхьэр кхыIэрызэIуахьым теухуа гуфIэгъуэр Iэтауэ ирагъэкIуэкIащ: абы кIэрагъэблэгъащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Козак Дмитрий**, Урысейм и Олимп комитетым и унафэщI **Тягачев Леонид** сымэ. Ахэр Азау хуейм кхъуащ КъБР-м и Президент **КъанокъуэАрсен,** КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей**, республикэм и Правительствэм хэтхэм ящыIэгъуэ.

ГуфIэгъуэ зэIуцIэгъэ кхыщызэIуихым КъанокъуэАрсен жиIащ: «Иужь зэманыр дэ ди нэгу щокI республикэм и гъащIэм кхыщыхьу зэхъуэкIыныгъэфIхэр. Мыбы къыщыгъэIуах экономикэ, социальнэ мыхьанэ зиIэ ухуэныгъэщIэхэр. Шэч хэмылъу, апхуэдэхэм ящыщу нобэрей дауэдапщэр зытеухуари: лажьэу щедзэ Iуащхьэмахуэ дэкI гондолэ кIапсэ гъэгуэн и етIуанэ Iыхьэм.

АдэкIэ абы кхыхигъэщхьэхуакIащ мы гъэгур 2008 - 2012 гъэхэм ятещIыхьа «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу 2008 гъэм щIын зэрырагъэжьар. Проектыр гъэзэщIэным трагъэкIуэдащ республикэ бюджетым щыщу сом мелуан 270-м нэблагъэ, КъБР-м и Правительствэр жэуапткIуэу кхыIэрыувам тету, щIыхуэу къащта сом мелуан 220-рэ.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

*Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Щэбэт щIыхьэхум

## Ди жылагъуэхэр ягъэдахэ

**Дэнэкlи хуэдэу, мэлыжьыхьым и 25-м республикэм и къалащхьэ Налшыки щекIуэкIащ щIыху мин 100-м щIигъу зыхэта щэбэт щIыхьэху.**

КЪАЛЭМЫдэт къулыкъущIапIэхэм, предприятэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, школхэм, сабий садэхэм, нэгъуэщI Iуэхуфа-пIэхэм я лэжьакIуэхэр а махуэм егупъуащ республикэм и щIыхьрыр нэхъри дахэ зэрыхъуным.

Дыгъэпсу кьайхъулIа махуэм щIыхуэхэм зыхуей хуагъэзащ, ягъэкъэбзащ я Iуэхуфа-пIэхэм я Iэшэльашэр, удз гъагъэхэр, жыгыщIэхэр хасащ. Щэбэт щIыхьэхуэм жыджэру хэтащ гъэупIэ унэхэм щIэсхэри. Абыхэми я пщIантIэхэр, сабий джэгупIэхэр, унэ щIыхьэпIэхэр зэлыдыуахащ. Iуэхугъуэ дахэ ялэжьащ «Спартак-Налшык» футбол командэми. Абыхэм ХьэтIохьэщIыкIуей хадэм мыщэхупцей жыгыщIэ 90 щыхасащ.

Щыхьэхум и фондым ягъэжьащ абы хэта псоми я махуэ улахуэр. Илъэс кьэси хуэдэу, а мылькур трагуэшэнущ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, ныкъуэдыкIыхуэхэм, зауэм хэлуэдэхэм я фызабэхэм. ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу абыхэм ящыщ дэтхэнэми сом мин тхырытху ратынущ.

**КЪАРДЭН Маритэ.** *Налшык къалэ.*

* * *

**Республикэм и адрей щIыпIэхэми хуэдэу, Бахьсэн куейм и щIыхуэхэм я гуапэу даIыгъащ нэхъыжьхэм защIэжьхьэным теухуауэ кхыкIэлыкIыжь щэбэт щIыхьэху.**

МЭЛЫЖЬЫХЫМи 25-м Iуэхуцl апIэ псори зэуIуу лэжьащ. Зэраубзыхуам тету, гульытэ щIыхьэхуэ хуащIащ пщIантIэхэр, бжьIупэхэр, уэрамхэр гъэкъэбзэным, удз итырыгъуэр гъэкIуэдыным.

Районым администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ, щIыхьэхур егъэкIуэкIыныжмкIэ штабым и унафэщI Ахьмэт Заретэ зэрыжиIамкIэ, езы нэхъыжьыфIхэри мы Iуэху щхьэпэм жыджэру хэтащ. А махуэм зэуIуу кхыдэкIащ щIыху мин 6-м нэблагъэ. Щыхьэхум щхьащалэжьа сом мин 350-р счет щхьэхуэм ирагъэхьынущ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.** *Бахьсэн район.*

* * *

**Щэбэт щIыхьэхум Шэрэдж районым и щIыхуэхэр зэрыхэта щIыхьэ-щIэн папщIэ, дэ депсэнаIуэ щIыпIэ администрацэм дунейр хьуэныжмкIэ и IэщlагъэлI Анахаев Далхат. Абы кIэщу щыгъуаэ дищащ Iуэхур районым зэфIэха зэрыщыхьуам.**

- ЩIыХЬЭХУМхэтащ щIыху 7.500-м щIигъу, абы мылькуу кхыпэжьуар сом мин 270-м ноблагъэ. Дэтхэнэ кьуажэми Iуэху хьарэфынэ куэд щызэфIахащ, ауэ нэхъ жыджэр дыдэу щытар Ауушджэр, Зэрэгъыж, Жэмтхьэлэ Ипщэ, Къэщхьэтау жьылэхэрщ. ЩIыхьэхум кIуэн хуейуэ зы пщэ къыдэкIуэ зы щIыхуи абыхэм кхыдэнатэжьым, зэщIагъэкъэбзэ щIыпIэм и куэдагъкIи адрейхэм кьащхьэщокI. Псом хуэмыдэу Iуэху куэд зэфIахащ еджакIуэ щIыкIуэхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ департаментым егъэбыдылIауэ пособие зрат щIыхуэхэмрэ.

**ИСТЕПАН Залинэ.** *Шэрэдж район.*

* * *

**Мурадыфlхэр яIэу, гушхуэныгъэ яхэлъу хуэзэщIэгъэжат Дэлъкъуэ куейм и щIыхуэхэр республикэпсо щэбэт щIыхьэхум.**

НЭХЪЫЖЬХЪЭМ защIэгъэкъуэным зэрытеухуар фIыуэ кьагурыIуэу, дэтхэнэри Iуэхум жьыуэ ящыкъ ихьат. Нэхъ ипэIуэкIэ зэраубзыхуам тету, жылагъуэхэм я псыхьэхэр, бжьэпэхэр ягъэжьэзащ, пхъэжьIий идыпIэхэр зыхуей хуагъэзащ, уэрамхэр, пщIантIэхэр ягъэдохащ.

ЕджакIуэхэми нэхъыжьхэм зыкъыкIэрагъэхуакъым - школхэм щыIэжьащ: пэш лъэгуэр кьалъэсащ, щхьэгъубжэ абджэхэр зтхъэщIащ.

Районым администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Вындыжь Беруан кхыIэригъэлъэгуамкIэ, щэбэт щIыхьэхум щIыху мин 5-м нэблагъэ хэтащ, абы кхыхэкIащ сом мин 300 нэхъ р-мынэхъ мащIэ.

**АРУАН Алий.** *Дзэлыкъуэ район.*

* * *

**Республикэпсо щэбэт щIыхьэхуэ егъэкIуэкIыныжмкIэ район щIыпIэм и унафэщI Бажэ Дотий кхыIэрыхигъэщIамкIэ, мыпхуэдэ Iуэхуэм куейм и щIыхуэхэр дапщэщи зэхуэныгъэ хэлъу бгъэдохуэ.** Иджыри абыхэм ящыкIэрагъэлъэгуащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 25-м Iэскэн районым щыпсэухэр зэуIуу я Iэнатlэхэм зэрыпхьащ. Гуп-гупу загуэшри кьуажэхэгъуэр, псыхьэхэр, Iуэхущапl э, еджапl э пщIантIэхэр зэлъыIуахащ, мэкъумэшыщIэхэм гъатхэр ярагъэкIуэжащ.

Щэбэт щIыхьэхум хэтащ куейм и щIыху мин 3-м щигъу. Абы кхыщалэжьа сом мин 251-р фонд щхьэхуэм ягъэкIуэнущ.

**МЫСОСТ Алий.** *Лэскэн район.*

* * *

**Щэбэт щIыхьэхуу махуэм лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ Шэрэджэм районым ис щIыхуэхэм.**

Я щIыНАРЪхьабзэу, екIуу щытыныр кьалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэуэвыжати, Аруан куей гъунапкъэм деж щыщIэдзауэ Бахьсэн куейм щIэрджэмыкIэ я зэпылъпIэм нэс, километр 45-рэ, ягъэжьэбзащ. Щымахуэ нэужьым кхыщIэща пхъэнкIийхэр дагъжьэбзыкIащ псыхьэмэ.

Хабзэ зэрахуэхьуам тету, щэбэт щIыхьэхум щэджэмдэхэм жыгыщIэхэри хасащ. Ахэр мы гъэм 300-м щIегъу.

Щыхьэм районым дыжьэхуэхуэреихь дунейр хьумэныжмкIэ и Iэщlагъэлl Малкаров Магомед зэрыжиIамкIэ, щIыху мин 6-м нэблагъэм кьалэжьа сом мин 365-р фондым ягъэкIуащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.** *Шэрэдж район.*

**КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатэхьэ**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зы чэзу зэIуцIэр 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм (Лениным и уэрам, 27) щекIуэкIынущ.

ЗэIуцIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

● КъБР-м и Правительствэм

## Псэуплэ-коммунальнэ Iуэхутхьабзэхэм щIат уасэр

**цIыхухэм я хэкъым и процент 22-м щыщIэдзауэ процент 18-м нэсу къарагъыныщ**

Республикэм и властхэм кризисым пэщIэтыным хуэунэтIауэ аргуэру зы унафэ кьащтащ. Абы ипкъ иткIэ псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьабзэхэм ипэкIуэу щIыхуэхэм нэхъыбэ дыдэу ятынур дэтхэнэ унагъуэми и хэхъуэм и процент 22-м хьущIагъэжьауэ процент 18-м нэсу къарагъэх. КъБР-м и Правительствэм и зэIуцIэм щагъэуващ а унафэм 2009 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ къару иIэн хуейуэ.

КъБР-м промышленностымкIэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Абрэджэ Iэдэм** зэрыжиIамкIэ, мы Iуэхум щытепсэлъыхьым кьалъытащ псэупIэхэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьабзэхэмрэ я уасэхэмкIэ тарифхэр 2009 гъэм процент 20-кIэ нэхъыбэ зэращIар, лэжьапIэнщэжи иджыри кьахэхъуэну кхъыэрабжар. Мы унафэр псом япэу зыхуэунэтIар кризисым и лъэхъэнэм нэхъ хуэмыщIауэ псэу унагъуэхэм защIэгъэкъуэнырщ, Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм кхъыэритамкIэ, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьабзэхэм я уасэхэр тынымкIэ субсидиехэр гъэ къэс унагъуэ мин 15-м нэблагъэм хухах. Абыхэм я нэхъ мащIэ дыдэрамэ, унагъуэ мини 4 кьахэхъуэнущ.

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъар Республикэм и цIыхухэм псэупIэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьабзэхэмрэ я уасэхэр тыным пэкIуэу субсидие кIыIахынымкIэ яIэ хуитныгъэхэр щагъэбелджьыкIэ къагъэсэбэп стандартхэм я Iуэхукlэ» КъБР-м и Правительствэм кьищта Унафэм щыубзыхуащ зы цIыхум хуэзэу псэупIэу мардэкIэ кхъулысын хуейм теухуа стандартхэр. Зи закъуэу псэухэм ятещIыхьауэ ар метр зэбгъуэнатIэ 33-рэ, цIыхуитI зэрыс унагъуэм папщIэ - метр зэбгъуэнатIэ 21-рэ, цIыхуищ зэрыс унагъуэм папщIэ - метр зэбгъуэнатIэ 18, цIыхуипI зэрыс унагъуэм папщIэ - метр зэбгъуэнатIэ 15, цIыхуитху зэрыс унагъуэм папщIэ метр зэбгъуэнатIэ 12, цIыхуих, нэхъыбэ зэрыс унагъуэм папщIэ - метр зэбгъуэнатIэу 10 мэхъу.

## Щэнхабзэм и Iуэхущапl эу иджыри 12 ящIынущ

КъБР-м и Правительствэм и зэIуцIэм къыщащтащ «2009 - 2012 гъэхэм КъБР-м щэнхабзэм зыщегъэужьыныр» республикэ программэ хэхар. Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан** зэрыжиIамкIэ, ар хуэунэтIащ ди лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэныжмрэ зегъэужьынымрэ, къэрал лъэпкъ политикэр пхыгъэкIыным, а IэнатIэм иджырей Iэмалхэр къыщыгъэсэбэныным, щэнхабзэм и Iуэхущапl эхэм я мыльку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным.

Илъэс гъунэгъухэм кьриубыдэу республикэм аргуэру щэнхабзэм и Iуэхущапl эу 12 щаухуэнущ. Абыхэм ящыщ «Театрхэм я унэ» лъэпкъ театр центрыр. Апхуэдэу щэнхабзэм и Iуэхущапl эу 123-рэ зэрагъэпэщыжынущ, ирагъэфIэжкIуэнущ. Республикэм я библиотекэхэм я гъэтIылъыгъэр тхылъ зэмылIэужьыгъуэу мин 237,5-кIэ нэхъыбэ хъунущ. Музейхэм щахъумэ хъэпшыпхэми 2000 кьахэхъуэнущ.

Программэр гъэзэщIэным трагъэкIуэдэну сом мин 2724270,3-м щыщу сом мин 1451991-р федеральнэ бюджетым, сом мин 1244487,3-р республикэ бюджетым, сом мин 19790-р муниципальнэ щIынальэхэм я бюджетхэм кхыхэкIынущ, сом мин 8002-р бюджетым щымыщ хэкIыпIэхэм я хьэкIэ кхыэзэщIагъэуIуэнущ.

## БжьыгъэхэмкIэ арэзыкьым

**Сочэ щекIуэкIа хэхыныгъэхэм щытекIуащ «Зыуэщыт Урысей» политикэ партым кьигъэдэгъуа Пахомов Анатолий.**

А кьалэм и хэхакIуэ комиссэм и унафэщI Рыков Юрий зэрыжиIамкIэ, кьаIэрыхьа бюджетеныжм я процент 80-р кьапщытати, кьалэ унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Пахомовым процент 77-м Iэ хуаIэтауэ кхыщIэкIащ.

Илъэс 48-рэ зи ныбжь Пахомов Юрий лэжьащ Анапэ кьалэм и Iэтащхьэу. Иджы кхыIыса къулыкъым хуэхха пIалъэм и кIэм нэс пэрытмэ, аращ 2014 гъэм Сочэ щекIуэкIыну Олимп Джэгуэкэр кхыэзIуэхыхынри.

Кьалэм и хэхакIуэ комиссэм кхыэзэригъэлъэгуаамкIэ, Пахомовым и хьэрхуэрэгъуу хэхыныгъэм хэта Немцов Борис и тельхъэу Iэ зыIэтар процент 13,5-рэ хьууэ аращ. Немцовым жеIэ хэхыныгъэхэр хабзэм тету емыкIуэкIауэ, абы кьрикIуа бжьыгъэхэри щIыхуэ. Немцов Борис и мурадщ и Iуэхур суд ирихьэлIэну.

### Президенту хахащ

**Эквадорым и лIыщхьэ щыта Карео Рафаэль тхъмауэ кIуам екIуэкIа президент хэхыныгъэхэм щытекIуауэ кьалъытэ. КьыэрабжамкIэ, абы и лъэныкъуэ хьуащ Эквадорым щыпсэуахэм я процент 55-р.**

- 1996 - 2006 гъэхэм ди къэралым иIащ демократием и тельхъэ правительствэ куэд. А эманым къриубыдэу президентибл къулыкъым щызэбгъэкIащ. Нобэ дэ дыщытекIуащ хэхыныгъэхэм я япэ турым, ар куэд щIауэ къэмыхьужа Iуэхущ, - жиIащ Карео Рафаэль.

Президентыщ Iэр и тельхъэщ Кубэмрэ Венесуэлэмрэ щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм кьытIасэу, экономикэ Iуэхугъуэхэр Эквадорми щалэжьэным. Иужь итщ къралым и Iыхьэу экономикэм хэлъыр игъэмэщIэну, цIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIэкIуэн лэжьыгъэ иригъэжьIыну.

### Нэхъыкlэм зыхуигъэхьэзыру

**- Дунейпсо экономикэм хыболъагъуэ кризисыр зэтеслъгъуэвыI? япэ нэщэнхэр, ауэ ар и кIэм нэсыным куэд хуейщ, - жеIэ дунейпсо ахьшэ хьумащIэм и президент Велек Роберт. Абы кьельтэ къэрал зызыужьхэм я Iуэхур нэхъри хьулъэ хьуну, уебгъэщ щIыхуэхми ящхьи ямыIуэ къэзэнкIэ щынагъуэу.**

НобэкIэ зыми хужьIэнукъым дунейпсо финанс-экономикэ кризисыр щиухьнур. Ауэ ар зыхуэкIуэнкIэ хъуну щытыкIэ щынагъуэхэр щIэнагъэлIхэм кьагъэлъагъуэ. Ди щIым щыпсэу цIыху мелуан 50-м щIигъу тхъэмыщкIагъэм, мылькунщагъэм хуэжIуэнкIэ хуэнущ, ерыскъыу зыхуримы-кьухэм я бжьыгъэр зы мелардым щIигъунущ. Дунейпсо ахьшэ хъумапIэм и президентым къэрал нэхъ лъэрызехьэхэр кхыхуредж зызыужь къэралгъуэхэм ядэIэпыкъуну, дунейпсо ахьшэ хъумапIэм тьэкIыр зэрилэжьынур жеIэ.

### Президент хахащ

**Эквадорым и лIыщхьэ щыта Карео Рафаэль тхъмауэ кIуам екIуэкIа президент хэхыныгъэхэм щытекIуауэ кьалъытэ. КьыэрабжамкIэ, абы и лъэныкъуэ хьуащ Эквадорым щыпсэуахэм я процент 55-р.**

### УзыфэщIэм егъэгужьей

**Мексикэм щыпсэуахэм фIэкIыщIэщIэу ягъэзащIэ къэралым хэхьа узыфэ щыщагъуэм зыщыхъуэмэным хуэунэтIауэ ягъэува хабзэхэр.**

ЦIыху мелуани 10 щыпсэу Мехикэ и уэрамхэр нэщI хъуащ. Кьалэдэхэр щызэхуэсын хуея гуфIэгъуэ зэхьыхь псоми я пIалъэр ягъэIэпхъуащ, еджапIэхэр, шхапIэхэр зэхуащIащ. Кьалэм и аэропортым кхъухьлъатэм ущрагъэтIысхьэркъым, дохутырхэм уи узышагъэр зыхуэдэр кхамыщытауэ. Кхъуэм кхыпкIырыкIауэ кьалъытэ гриппым и вирусыщIэм Мексикэм щилIыкIащ щIыхуи 100-м щIигъу. А узыр япкъритщ США-м щыпсэу цIыху 20-м, Канадэм щыщ щIыхуихьм. Уеблэмэ Европэм я хуэзэ зыбжанэмэ ар кхъсауэ хуагъэфащэ. Вирусологхэр тоныныхь узыфэщIэм дуней псор пIалъэ кIэщIым нуфэбгъункIэ.

### Газ щIыхуэм теухуауэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ и **«Газпром» ОАО-м и унафэщI Виктор Алексеевич Къэрэшей-Шэрджэсым и Президент Борисрэ иджыблагъэ Москва щыгъэIущащ.**

ЛъэныкъуэтIыр тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэр газкIэ кхыIэгъэпэщIыныжмкIэ щыIэ программэм Къэрэшей-Шэрджэсыр хэгъэхьэныр теухуауэ зэрыщIэдзэлъэнум. Республикэм къигъэсэбэпа газым щхьэкIэ зэтригъэхьа щIыхуэр пшыныжа зэрыхуну щIыкIэри зэIущIэм кьащIыхагъащIащ. Иджыпстэ ар сом мелуан 862,78-м ноблагъэ.

**ХЬЭЩIЫКЪУЭЙ Олег.**

### Гугъэфl

АБХЪАЗ. ***Республикэм и гъэунэхуакъэрал Iуэхуэхмкlэ и министр Шамбэ Сергей зэрыжиIамкIэ, Абхъазыр къэралыгъуэ щIыхьэхуэу Евросоюзым хэмыхьэ къэрал зыбдаIэм кьалъыгъэнущ.**

-Абхъазыр къэралыгъуэ щIыхьэхуэу къэзыIыгъэхэм яIэм жаIэу щытащ Куржым дыкьыхэI, абы и щIынальэр зегъэтч мыхьэну. Иджыпсту ди Iэжьыгъэр зыкъуэунэтIын хуейр, дэ ттеухуауэ адрей къэралхэм я Iуэху еплъыкIэхэм, гупсысэхэм зегъэхьэужьныгыр. ДызыкъуэкIуэ ильэсипщIым кьрипыбыдэу Европэм и къэралхэр кьэпытэну дыгугъэ хьунущ, - жиIащ Шамбэ Сергей.

### Ныбжьэгъуэгъэр ягъэбыдэу

***Сыхьэм кьалэ администрацэм и унафэщI Лабахьэу Алнас зи пащэ дыкьуэ гуп иджыблагъэ Черкесск щыIащ.***

Къэрэшей-Шэрджэсым и Iунапкъэм деж хэгъэрейхэр гуапэу хьэщIэхэм щаIущащ. Лабахьэу Алнас кхыхигъащащ Черкесскрэ Сыхьэмрэ зэдэлэжьныжмкIэ зэрыщэгурыIуэнур.

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

**Щэбэт щIыхьэхум Шэрэдж районым и щIыхуэхэр зэрыхэта щIыхьэ-щIэн папщIэ, дэ депсэнаIуэ щIыпIэ администрацэм дунейр хьуэныжмкIэ и Iэщlагъэлl Анахаев Далхат. Абы кIэщу щыгъуаэ дищащ Iуэхур районым зэфIэха зэрыщыхьуам.**

**Мурадыфlхэр яIэу, гушхуэныгъэ яхэлъу хуэзэщIэгъэжат Дэлъкъуэ куейм и щIыхуэхэр республикэпсо щэбэт щIыхьэхум.**

**Щэбэт щIыхьэхум щыщIидзэнур.**

**Щэбэт щIыхьэхум хэтащ.**

**Щэбэт щIыхьэхум ящыIэ.**

**Щэбэт щIыхьэхум.**

**Щэбэт щIыхьэхум.**

**Щэбэт щIыхьэхум

# Кризисым и нэхейкIэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

Къанокъуэ Арсен адэкIэ жиIащ кIапсэ гъэзэгум и етIуанэ Іыхьэмрэ къыкIэлыкIуэу ящыIыну «Мир» - «Гарабаши» Іыхьэмрэ и инфраструктурэр зэтеущэуэным - электрокъарукIэ къыззэгъэпэщыным, Іуащхьэмахуэ и дыгъафIэ дежьэр уэсукхъуэхэм ящыхъумэным, псы фIейхэр зрикIуэну коллекторымрэ псы гъэкъабзапIэхэмрэ зэгъэпэщыжыным трагъэкIуэдэн папщIэ федеральнэ бюджетым и ахъшэу сом мелуан 530-рэ къыззрауТIыпщар.

«КIапсэ гъэзэгум и етIуанэ, ещанэ Іыхьэхэр лажьэу хуежьэмэ, дунейпсо мардэхэм къезэгъ бгы-лыжь комплекс зэгуэтыр зэтеувэнущ, - жиIащ республикIэм и Іэтащхьэм. - КIапсэ гъэзэгухэм щызекIуэхэр нэхъыбэ хъуху, Іуащхьэмахуэ лыжь зкIэ щыщажьхьыкIн папщIэ федеральнэ бюджетым и ахъшэу сом мелуан 530-рэ къыззрауТIыпщар.

«КIапсэ гъэзэгум и етIуанэ, ещанэ Іыхьэхэр лажьэу хуежьэмэ, дунейпсо мардэхэм къезэгъ бгы-лыжь комплекс зэгуэтыр зэтеувэнущ, - жиIащ республикIэм и Іэтащхьэм. - КIапсэ гъэзэгухэм щызекIуэхэр нэхъыбэ хъуху, Іуащхьэмахуэ лыжь зкIэ щыщажьхьыкIн папщIэ федеральнэ бюджетым и ахъшэу сом мелуан 530-рэ къыззрауТIыпщар.

Абы кьышыминэу, зэрыщыту «Іу ащхьэмахуэ лъапэ» курортым зыжьыжьынIэщIэ нгъуэтIанущ. Мы щIыналъэм щыIэ предприятэхэм гъэ къэс къалэрыхьэ хэхъуэр ильэсым сом мелардиплI-тхум нэсыну ущыгугъ хъунущ, курортым кьеГэщIылIа Іэнатlэхэми лэжьапIэщIэу 300-м нэблагъэ кьышцэзIуаехьфынущ».

Президентым проектыр зыгъэхъэзырахэм, ухуакIуэхэм, кIапсэ гъэзэгу щыным хэта псоми фIыщIэ яхуищIащ.

АдэкIэ хьэщIэхэри хэгъэрейхэри гондолэхэм итIысхьэри Іуащхьэмахуэ дэкIыжу екIуэ. «Старый кругозор» станцым и деж гъэзэгу кьыззрызэIуахьм и щIыхькIэ щыфIальхьа дэнIэчыж зэпаупщIри, кьыкIэлыкIуэ «Мир» станцым кIуэну екIэн и пэкIэ Къанокъуэ Арсенрэ Козак Дмитрийрэ журналистхэм епсэлъащ.

Дунеи псор зэщIэзыубыда экономикэ кризисым и нэ хейкIэ Урысейр кьурщх эмэ дэкIыну щIекьым и щхьэусыгъуэм теухуауэ кьрат упщIэм и жэуапу Козак Дмитрий жиIащ, кризисым щхьэкIэ къэмынэу, уэуэ-ныгъэу ирагъэжьа псори нэгъэсын хуейуэ къэралым и Правительствэм кьалэн кьыззригъэувар. «Абы кьыдэкIуэу мы Іэхур ухуэныгъэм и Іэнатlэм кризисым щыIэтыныжьмкIэ лэжьыгъэщ: дэ дэтIыгъыну ди кьалэнщ блэкIа ильэсхэм ирагъэжьа ухуэныгъэхэм инвестициэхэр кьыхэзылъхьэну хущIэкъуэхэр. Абы кьыхэкIыу а Іуэху псори и кIэм нэдгъэсынущ. Апхуэдэу иджыпсту дэ мылькур хуэзэщIэдгъэIуапхъэщ ныкьуэщIу кьэна ухуэныгъэ куэд зэтремыгъэхьэным. «Урысей Ипщэ» программэм хэплъэжри, зэрагъэзэхуэжащ икIи иджыпсту дэ ухуэныгъэщIэхэр кьедгъэжьэркъым. Ахэр догъэIэпхъуэ финанс Іуэхуэр нэхъ щыIэтеувэжыну кьэтлыытэ 2010-2011 гъэхэм».

УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэм кьыхигъэщхьэхуIащ Кавказ Ищхьэрэм щыIэ щIыналъэхэм бгы-лыжь курортхэм зэрызышграгъэужьым абыхэм ефIэкIыныгъэ инхэр кьаэзэрыритыр. Апхуэдэ курортхэр КъБР-м, Осетие Ищхьэрэм, Кьэрэшей-Шэрджэсым, Дагыстэным щрагъэфIэкIуэн папщIэ федеральнэ бюджетым сом мелард 18 щыхухахащ.

Козак Дмитрий зэрыжиIамкIэ, Кьэбэрдей-Балъкъэрым и ухуакIуэ Іуэхущ Іапсэхэм я Іэкъуэльакъуагъэмрэ я зэфIэкIымрэ Сочи и олимп ухуэныгъэхэми сэбэп щыхъункIэ хъунущ.

Къанокъуэ Арсен кьратащ Іуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ гъэзэгухэр зэрызэкIэлъымыкIуэм, абыхэм транспортыр зэрыщыIэтрихьэм кьыхэкIыу ялэжьыну я мурадхэм теухуа упщIэ. Республикэм и Іэтащхьэм кьигъэлъэгъуащ, кIапсэ гъэзэгухэм я мызакъуэу, зэрыщыту курортым и инфраструктурэри зэтегъэувэным пылъа гъэзэгухэр, жылагъуэрэ зэпэщIащ щыIэмкIэ мастер-план зэрызэхэлъхьар: «Ар лэжьыгъэхэм я етIуанэ лъхъэнэщ икIи ахэр зэфIэгъэкIыным и нэхъыбапIэкIэ трагъэкIуэдэнур республикэ бюджетым и ахъшэщ. Ар дэ мы ильэс гъунэгъуэм тхуэзэфIэкIыну согугъэ». Й псэльэгъуэр Президентым кьигъэгугъащ лэжьыгъэхэр кIыхьлIыхь зэрамыщIыным и ужь зэритынумкIэ.

АдэкIэ Къанокъуэ Арсенрэ хьэщIэхэмрэ а махуэм кьыззIуаха кIапсэ гъэзэгущIэм ирикIуащ. Мыбы фIэлъ гондолэхэр япэрей Іыхьэм ейхэм йофIэкI. Ахэр лъагэщ, щIыхуэхэр зэфIэт хъууэ, икIи я кIуэцIкIэр хуабэщ. Псалъэм кьыдэкIуэу жьытIэнщи, гондолэхэм ящыщ зым фIащащ шахматымкIэ щIыхуЗхэм я дунейпсо чемпионату нэгъабэ фокIадэ мазэм Налшык кьалэм щекIуэкIам щытекIуа, абы щыгъуэ ягъ дыдэу Іуащхьэмахуэ зэрызгъэлъэгъуа Костенюк Александрэ и цIэр.

«Ай-Би-Си» компанием и генеральнэ директор Попович Виктор хьэщIэхэм яжриащ кIапсэ гъэзэгум и «Мир» - «Гарабаши» ещанэ Іыхьэр, Гарабаши мыздкIэм екIу алIэр, щIадзауэ зэращIыр. Абы метр 1700-рэ и кIыхьагъщ икIи зы сыхьэтым щIыху 1600-рэ щыIэкъуэфынущ.

**МЕЧИЕВ Ас хъэт,**
*КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапэм и лэжьакIуэ.*

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

*Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

# Псоми я зэхуэдэ къалэн

**Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен мэлылажьхьым и 23-м Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм я зэIущIэ.**

АБЫ щIыпIэ щIэпхъРАХАЩ муниципальнэ щIыналъэхэм гъэзэгухэр щыкIуэным, щыIэзэгъэпэщыжыным мы гъэм мыгъкIэ зэрызыхахыну щыкIэмрэ муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм я финанс-гъэкIыгъэ Іуэхущ Іафэр федеральнэ бюджетым сом мелард 18 щыхухахащ.

Апэ Іуэхугъуэм теухуауэ кьэпсэльащ КъБР-м ТранспортымкIэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкIэ и министр **Сунш Ануарбий.** Абы зэрыжиIамкIэ, нэгъабэ федеральнэ гъэзэгуэм сом мелуан 916-рэ, щIыналъэхэм яйм мелуан 825-рэ и уасэ лэжьыгъэ щызэпIащIа гъэкIащ. ЩыIэ унафэм ипкъ иткIэ, гъэкIуэм муниципальнэ гъэзэгуэхэм зыхуей хуагъэзащ. ЕджапIэу, социальнэ, щэнхабзэ ІуэхущапIэу 268-м я екIуэлIапIэхэм зэрагъэпэщыжащ. А Іуэхум хухахащ сом мелуани 105-рэ. Федеральнэ инвестицэ программэм зэрыщыубзыхуам тету Нарткъалэ-Уэзрэдж -Хьэгуей жылагъуэхэр зэпэзыщIэ гъэзэгуу кило-метр 11 ирагъэфIэкIуащ, Вольнэ Аул лъэныкъуэмкIэ екIуэкI Хьэсаний - Джэрпэджэж гъэзэгум елэжьащ, ШэджэмЕтIуанэ кьуажэмэ Булунгурэ я зэхуакум километр 15 хьэзыр щащIащ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIащ Старэ Шэрэдж - Жэмтхъэлэ Сукан-Су кьуажэхэм я зэхуакуэхэм. ПсычIэгуэнсу, Жэмтхъэлэ, Жэмтхъэлэ Ипщэ, Ерокъуэ, Лэскэн Ипщэ, Ташлы-Тала жылагъуэхэм я эрамкэр, Лэскэн ЕтIуанэ - Ерокъуэ - Лэскэн Ипщэ - Ташлы-Тала зэпызыщIэ автомобиль гъэзэгуэр зэIуэзэпэщ ящIащ. Кьарэ-Су псым тель лъэмыжьым йолэжь. Автомобиль гъэзэгуэр ухуэнымрэ егъэфIэкIуэнымрэ теухуа программэм ипкъ иткIэ, километр 15 кьызыхуэтыншIэу зэрагъэпэщыжащ. А лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ Налшык, Бахъсэн кьалэхэм, Анзорейрэ Джэрмэншыкрэ. Старэ Шэрэдж - Котляревскэ - Малкэ - Ингулы гъэзэгуэр арэзы ужьицIу зыхуей хуагъэзащ.

2008 - 2012 гъэхэм тещIыхьа «Урысейм и Ипщэ щIыналъэ» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткIэ, Іуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ зыгъэпсэхупIэхэм я екIуэлIапIэу километри 4-м щIигъу ирагъэфIэкIыщ. Мы Іуэхум дяпэкIи хэжьыдзэ елэжьынущ.

Жылагъуэхэм я гъэзэгуэм мы гъэм хухахынущ федерал субсидиемрэ республикэ бюджетым щыIэ захъшэу сом мелуан 289-рэ. Уэрам гъэзэгуэр ухуэным теухуа программэр ягъэхъэзыращ Кьэбэрдей-Балъкъэрым и Президентымрэ Правительствэмрэ я пщIэрылъхэм, щIыпIэ администрацIэхэм я лъэпхэм япкъ иткIэ.

Мы гъэм республикэм и кьалащхьэми гъэзэгуэхэм щрагъэкIуэкIынущ сом мелуани 128-рэ и уасэ лэжьыгъэ. А бжыгъэм щыщу сом мелуани 107-р федеральнэ гъэзэгу агентствэм кьритащ, мелуан 21-р республикэ бюджетым кьыхэхIынущ. АбыхэмкIэ Налшык гъэзэгу 50-м нэблагъэ щызэрагъэпэщыжынущ.

Республикэм и лIыщхьэм министрым упщIэ къэдкIэ зыхуигъэзащ. Жылагъуэхэм уэрам гъэзэгуэр щызэгъэпэщыжыным теухуа проектсметэ тхыльхъэр фокIадэ мазэ пщIондэ хьэзыр зэрымыхъунур кьыщицIэм, Президентым кьыхитхьащ бюджет ахъшэмрэ абы щымыщхэмрэ кьыбэрагъэсэбэпыну щIыкIэр зэкъагъэкIыну, администрацIэхэм я унафэщIхэр я гъусэу я Іуэхущ еозгъэрабгъу кьыхуагъэутыну.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей** зэрыжиIамкIэ, автобусхэмрэ троллейбусхэмрэ я лэжьэкIэр зэрырагъэфIэкIуэну щыкIэр ящызыхуащ. А Іуэхум хухахынущ федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу сом мелуани 180-рэ. Мелуан 91-мкIэ автобусыщIэу 69-рэ, троллейбусэ 5 кьащхэхунущ. Ахэр мэкъуэуэгъуэм икуэхэм республикэм кьыIэрыкъэнущ.

Муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я финанс-лэжьыгъэ Іуэхущафэр зыхуэдэр кьиштащ нэужь, **Къанокъуэ Арсен** кьыхигъэщащ республикэ щэбэт щыкъэхуэмрэ накъыгъэ мазэм и гуфIэгъэ махуэхэмрэ екIуу кьыззгъэпэщын зэрыхуейр.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Жэмборэ Владимир**, Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзкIэу **Тхъэзэплъыж Мурат**, **Нечаев Дмитрий**, министрхэр, къэрал комитетхэм я унафэщIхэр, ирагъэблагъа кьулыкъущIэхэр.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

● Мэлыжьыхьым и 28-р Лэжьыгъэр хъунэным и дунейпсо махуэщ

# ЗэуIуу къыззрагъэпэщ

**Бахъсэн район сымаджэщым зыдэт Зенкъуэ къуажэм щекIуэкIащ куейм и предприятэхэм, организацIэхэм, елжащIухэм, Іэнатlэ мыщхэмрэ ику итхэмрэ, медицинэм и Іуэхущ Іапэ псоми я унафэщIхэр, Іэщ Іагъэзлъхэр, профсоюз лэжьакIуэхэр зыхэта зэIущIэщхуэ. Ар кьыззригъэпэщащ куейм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынигъэмкIэ и щIыналъэ управленэм.**

ЗЭХЫХЬЭМкууэ щызэпкърахащ щIыхуэхэр фэбжьхъэм ящыхьхъумэным теухуауэ нэгъабэ зэфIэгъэкIа хьуахэмрэ дяпэкIи нэхъыщхьэу кьапэщытхэмрэ.

ЩIыналъэ къудамэм и унафэщым и къуэдзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхуэхэр социальнэу зыхъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Имам Хьэмидбий** зэIущIэм кьызэIуиха нэужь, псалъэ иратащ район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Мэзан Ахьмэд.**

Абы кьызэригъэлъэгъуамкIэ, щIыхуэхэр фэбжьхъэмрэ узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ щыхьхъумэным гулытэ хэха хуащI. Мэкъумэшым, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэхэм, Іэнатlэ гугъуэхэм, шынагъуэ зыпылъхэм Іутхэм я узынишагъэр зыхуэдэр хабзэм тету кьащIытэ. Район сымаджэщым иЕщI а Іуэхуэр пыухыкIауэ зыужьтI Іэщ Іагъэзлъ. Лэжьыгъэр хьумэнымрэ мафIэс къэмыгъэхъынымкIэ комиссэм кьылагъуэхэм я амбулаторэхэр, нэгъуэщI щеIэзэ, узынщагъэм щыкIэлъыпльу Іуэхущ Іапэхэм я щытыкIэр тKийуэ кьепщытэ. Іэнатlэ псори фэбжьхъэм зэрызыщхьэумэн хуей тхылъхэмкIэ ирикъуу кьызэгъэпэщащ.

Мэзан Ахьмэд зэпкърыхауэ кьытеувыIащ зэIущIэм щыщыхьалъхьа Іуэхур я деж зэрыщагъэзащIэм, профсоюзхэмрэ щIыпIэ администрацIэхэмрэ хуаIэ пыщIэныгъэхэм, Правительствэм кьыбгъэдэкI дэлэныгъэм и пыщIэныгъэ зыхуэдэм. Абы зэрыжиIамкIэ, лэжьыгъэр хьумэныр кьызэрызэрагъэпэщ щыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ ягъэхъэзыра район программэм узынишагъэр хьумэным, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым, мэкъумэшым и лэжьакIуэхэр жыдэжру зэпэщ. КъБР-м Лъжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынигъэмкIэ и министерствэм, республикэм Лъжьыгъэр зэхъумэнымкIэ и центрым, куей администрацIэм я нэIэ щIэту предприятэхэмрэ организацIэхэмрэ я унафэщIхэм гулытэщхуэ Іэнатlэмкъ **Тхъэмокъуэ Лиар** и псалъэм кьызэрыхигъэщамкIэ, куейм и школ, сабий гъэсапIэ псоми лэжьыгъэр хьумэнымкIэ комитетхэр щыIэ. Абыхэм административнэжьыларуэ кIэлъыплъынымкIэр кьызэрагъэпэщ, щIыхуэхэр фэбжьым щыхьхъумэным теухуа хабзэр зэрагъэзащIэр кьащIыну тэ, Лъжьапи Іэнатlэ псоми нэгъабэ аттестацэ щрагъэкIуэкIащ.

- МафIэс къымыкIэнымкIэ гулытэ хэха хуэдущI. Абы зэрызыщахьумэну щыкIэр егъэджакIуэхэми еджакIуэхэми щIэмыгу ягу кьыдогъэкIыж, апхуэдэ шынагъуэ кьыкъуэкIмэ, унэм кьызэрыщIэкIыну, хьэпшып лъапIэхэр кьызэрыщIахьыну Іэмалхэм зэпымыууэ хьдогъэгъуаз. ЕджапIэ псоми яIэщ «МафIэсгъэункIыфI ныбжьыщIэ» жьхуиIэ гупхэр, викторинэхэр, зэпеуэхэр идогъэкIуэкI, гъэ едэгъуэм и кIэм сабийхэм я гъашIэмрэ я узынишагъэмрэ хьумэныр кьызэрагъэпэщар кьыдопщытэж, - кьигъэльэгъуащ сабий-Іэнатlэ.

Апхуэдэу ар кьытеувыIащ зэIущIэм кьыщыхальхьа Іуэхум екъэлIауэ нэхъ зыгъэпейтIэнхэм, лэжьыгъэр зэпкърыхэмрэ нэхьыфIу кьызэгъэпэщынымкIэ зыхуей дэIэпыкъунымрэхэм.

Бахъсэн кьалэмрэ районымрэ мафIэсым пэщIэт я Іэнатlэм и унафэщI **Щоджэн Анзор** щхьэхуэ-щхьэхуэу зэпхрахащ куейм и Іуэхущ Іапэхэм нэгъабэ щрагъэкIуэкIа кьэпщытынымкIэхэм я Іуэхущ Іапэхэм кьагъэкIуэкIа кьэпщытынымкIэхэм я зэхуэдэр, ахэр ягъэзэкIуэжьным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIхэр.

- Іэнатlэхэм кьыщыхьу насыпыншагъэхэм я нэхъыбэр кьыхэкIуэ унафэщIхэмрэ есэ лэжьакIуэхэмрэ абыхэм зэрызыщахьумэн хуей щыкIэм фIыуэ зэрыщымысыгъуазэмрэ щыIэ хабзэхэр нэсу зэрамыгъэзащIэмрэ, - кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым «Лъжьыгъэр хьумэнымкIэ и центр» къэрал Іуэхущ Іапэм и унафэщI **Шэджыхьэщ Хьэчим**.

Абы кьыхэкIыу шынагъэншагъэм ехьэлIа Іуэхуэмрэ лэжьыгъэр хьумэнымрэ щIыхуэхэр хуегъэджэныр дапщэщи кьалэныщхьуэу кьонэж. Іэнатlэм пэрыт щIыхуэм и гъашIэмрэ и узынишагъэмрэ хьумэныр кьэралым и политикэм и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщи. Аращ ар гъэззащIэным мыхьэнэшхэ щIратри.

УФ-м ЛъжьыгъэмкIэ и кодексым и 212-нэ статьям ипкъ иткIэ, сыт хуэдэ Іэнатlэми Іэмал имыIэу аттестацэ щрагъэкIуэкIыну. Ар кьызэрагъэпэщ щыIэ нормативнэ актхэм кьызэрагъэувым тету. Нэгъабэ предприятэ 78-м аттестацэ щрагъэкIуэкIащ, Іэнатlэ 1475-м я щытыкIэр кьапщащ. ШэджыхьэщIэ Хьэчим кьигъэлъэгъуащ сыт хуэдэ Іэнатlэми шынагъэншагъэр кьыщызэгъэпэщыным, хабзэкIэ гъэзэщIным щIэмычу я нэIэ трагъэтын зэрыхуейр, абы и лъэныкъуэкIэ я центрыр дапщэщи щIэгъэкъуэн зэрыхьунур.

ЗэIущIэм купщафIэу кьыщыпсэльащ ЩоджэмрэМ-р Лъжьыгъэмкlэ и къэрал инспекцэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Тхъэбысым Тимур,** Хьэтlохъущыкъуей кьуажэм дэт езанэ лицейм и заучI **Шагъэрбей Марие,** Бахъсэн район администрацэм и Іэтащхьэм экономикэмрэ финансхэмкIэ и кьуэдзэ **Къзан Заур,** нэгъуэщIхэри.

Зэхуэсахэм кьащтащ лэжьы-

**«Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщым къебгъэщащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Дзбагъуэ Хьэсэнрэ Батыр Мухьэдинрэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист Хьэпсыдрэжи Albyч.**
*2000 гъэ, гъатхэпэм и 30.*

## Хьэрычэтым пылъ щIалэгъуалэм ират ахъшэр сом мин 300-м щIрагъэгъу хъунукъым

Республикэм и хабзэ мардэхэр федеральнэ законодательствэм егъэзэгъыжьыным хуэунэтIауэ КъБР-м щекIуэкI лэжьыгъэм хиубыдэу КъБР-м и Правительствэм зэхъуэкIыныгъэ хилъхьащ «Хьэрычэт Іуэхум хэт щIалэгъуалэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыдэIэпыкъуным и Іуэхукlэ» Унафэм. Иджы абыхэм я бизнес-проектхэр гъэзэщIэнным хуэхах инвестициэхэр сом мин 300-м щIрагъэгъу зыхунукъым. Апхуэдэу дэтхэнэ зы проектми трагъэкIуадэр илъэситI пIалъэм кьилэжьыжыну, фейдэр проценти 10 нэхърэ мынэхъ мащIэу, апхуэдэу проектым елэжьхэм я улахъэр КъБР-м и ику ити щат лэжьапIэм хуэдизу щытын хуейщ.

Фигу къэдгъэкIыжьынщ щIалэгъуалэм я бизнесмурад нэхъыфIхэр ядэIыгъыным теухуауэ ирагъэкIуэкI зэпеуэхэм ящхъ иткIэ, абыхэм грантхэр 2006 гъэ лъанэдэрэ зэрыхухахыр. ЩIалэгъуалэ проектхэм КъБР-м и Президентым и деж Хьэрычэт Іуэхуэмкlэ щыIэ советым и зэIущIэм щыхопльэ. КъБР-м Экономикэ зыужьынигъэмрэ сатумкIэ и министерствэм кьызэритамкIэ, илъэсищым къриубыдэу апхуэдэ проекту 23-рэ гъэзэщIэным къэралым сом мелуан 14,6-рэ тригъэкIуэдащ.

